

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

LEKÒL PIBLIK BOSTON YO:

***ANALIZ DETÈMINASYON PÈMAN KONJE ADMINISTRATIF AK KONSEKANS
DISIPLIN YO:***

RESPONSAB BIWO SANTRAL/DIRIJAN LEKÒL BPS YO

PREPARE PA:



MINTZ

DAT: 18 OUT 2023

I. ENTWODIKSYON

Pou reponn ak yon akizasyon entèn yon potansyèl diskriminasyon nan tretman plent pou move konduit, Lekòl Piblik Boston yo ("BPS" oswa "Distri a") te angaje Mintz, Levin, Cohn, Ferris, Glovsky ak Popeo, P.C. ("Mintz") pou analize fason yo trete plent yo, ¹ Sitou, gen yon anplwaye ki fè pati reponsab BPS yo ki akize modèl investigasyon Distri a epi yo bay pi gran administratè/dirijan lekòl yo pèman konje administratif ("PAL") gen yon gwo enpak sou anplwaye koulè yo Yo te mande Mintz pou l revize dosye investigasyon BPS yo, Desizyon PAL, ak konsekans disiplinè yo pou detèmine si gen yon dezekilib konsa ki eziste epi, si genyen, pou evalye si pwèb la sipòte yon rezilta ke dezekilib la se rezilta prejije rasyal. Rapò sa a rezime revizyon an.

An rezime, enfòmasyon ki disponib yo revele ke, ant ane lekòl 2019 ak 2021 yo (otòn 2019 rive ete 2022), te genyen 41 ka kote Distri a te swa te mete yon gran aministratè/reponsab lekòl sou PAL oswa detèmine ke PAL te inapwopriye. Nan tout detèminasyon sa yo genyen sèlman kat ki gen yon investigasyon ki an mach nan youn nan depatman BPS ki gen reponsabilite pou trete investigasyon plent pou move konduit: Biwo Relasyon Travay (OLR) ak Biwo Ekite (Equity). ² yo te refere dis nan 37 ka yo nan Biwo Ekite a epi OLR te trete 27. Revizyon Mintz sou enfòmasyon demografik ki asosye avèk pwoblèm sa yo revele ke, pandan yon bann peryòd, yo mete de anplwaye sèlman sou PAL annatandan investigasyon sou ekite a fini. Toude anplwaye sa yo te blan. Kontrèman, nan 27 ka yo te refere bay OLR yo, te gen 13 gran administratè/dirijan lekòl yo te mete sou PAL: 5 blan e 8 pa t blan. Pa rapò ak ti kras anplwaye yo te investige (total 37) ak kantite akizasyon move konduit, Mintz pa t kapab fè yon konklizyon ki kredib si wi, e poukisa, ras se yon faktè nan detèminasyon PAL sa yo.

Sepandan, Mintz remake ke Distri a pa fòmalize règleman kritè sou kijan pou detèminasyon PAL yo fèt, yo kite desizyon an nan men Depatman BPS yo pou elabore pwòp faktè yo pou konsiderasyon. Byenke jeneralman apwoch yo kòrèk, detèminasyon PAL ak lòt pratik diskresyon yo vilnerab pou prejije e jistifye yon revizyon ak evalyasyon peryodik pou idantifye modèl oswa tandans pwoblèm potansyèl. Pou rezilta investigasyon pou move konduit yo, Mints pa t kapab disène yon gran diferans nan nivo disiplin yo bay nan zafè ki konsène anplwaye blan ak anplwaye ki pa blan ki twouve yo nan menm sityasyon akoz yon gran kantite akizasyon sou move konduit. Sepandan, Mintz te obsève yon gwo eka rasyal nan kantite gran administratè/dirijan lekòl yo mete sou PAL annatandan yo voye yo ale pou fèb pèfòmans (4 anplwaye nwa e rezwo anplwaye blan). Byenke genyen pwèb fèb pèfòmans ki ekri ki sanble apiye rezilta sa yo, yon pa pran menm mezi disiplin sa yo pou sa ki gen rapò ak fèb pèfòmans kont gran administratè/dirijan lekòl blan yo, melanje avèk varyasyon ki genyen nan pwosedi ak jan yo jere dosye nan distri a, kontrbiye ak ensètitud ak mefyans nan pwosesis disiplin Distri a, anndan ak deyò BPS. Santiman sa yo anpil sitou nan mitan anplwye nwa jan li reflète nan

¹ Revizyon avoka Mintz yo, Natashia Tidwell ak Janki Viroja te fè.

² Kat ka ki rete yo konsène gran administratè/dirijan lekòl ke to mete nan PAL annatandan yo voye ale pou Fèb Pèfòmans. Evalyasyon pèfòmans yo te fèt andeyò pwosesis investigasyon plent pou move konduit la e se OLR oswa Biwo Ekite ki te jere sa.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

pawòl Mintz te jwenn nan men moun ki konsènen anndan ak deyò pandan li t ap fè analiz sa a.

II. DIMANSYON AK METOLOJI ANALIZ LA

Nan kad yon seri desizyon pèsònèl ki konsène anplwaye nwa yo, yon anplwaye ki fè pati responsab BPS te fè dirijan BPS yo konnen genyen "yon postansyèl modèl prejije rasyal oswa diskriminasyon rasyal ki konsène pwotokòl disiplin ak investigasyon Distri a." Anplwaye a idantifye ke desizyon Distri a pou envestige ak/oswa pou mete yon "bann gran administratè koulè - prensipalman gason ak fanm Nwa" sou pèman annantandan yo mennen investigasyon pou yo revoke yo. Enkyetid anplwaye a te mande yon analiz rapid.

Jan yo diskite l nan pwochen seyans lan, detèminasyon si wi yo dwe mete yon anplwaye sou konje administratif peye ("PAL") annatandan yon investigasyon se yon gwo desizyon pou depatman BPS yo k ap sipèviz plent pou move konduit ak pwosesis analiz pèfòmans yo. Byenke se yon aksyon ki pa endezirab, men voye w ale nan travay paske yo sispèk ou, menm si yo peye w li estresan pou anplwaye yo. Lè dewoulman investigasyon yo pwolonje, tansyon an vin pi grav. Sansasyon sa yo ka rete men aprè anplwaye a retounen nan travay. Distri a te bay Mintz responsabilite pou analize enfòmasyon ki disponib yo pou detèmine si anplwaye koulè yo, sitou anplwaye responsab yo ak dirijan lekòl yo, sibi investigasyon ak yo mete yo sou PAL plis, si wi, pou evalye si pwèy yo sipòte yon rezilta ke dezakilib la se rezilta desizyon ki pran ki baze sou prejije.

Konsantrasyon dirèk ki mete sou detèminasyon PAL yo pa anile enpak lòt desizyon pandan dire ankèt la. Kèk, tankou avize anplwaye yo pou yo patisipe nan "Reyinyon sou "Investigasyon yo," avan lansman yon investigasyon fòmèl, pa nan sijè ki abòde nan analiz sa a. Menm jan, byenke Mintz te analize konsekans disiplin aprè investigasyon an fini, yo pa t konsidere merit moun yo envestige a, konsa, Mintz pa t kapab evalye si investigasyon yo te fè a te fèt jis e kòrèk. Nan konvèzasyon avèk dirijan BPS yo, Mintz te asire l ke Distri a konnen enkyetid kominote a sou nati pwosesis investigasyon li a ki pa klè epi selon kominote a pèsèpsyon li yo manke jis epi espere ke Distri a pral aplike mezi pou reprann konfyans kominote a.

Mintz te kòmanse analiz li a nan Septanm 2022 epi li te travay avèk BPS pandan tout otòn ak livè 2023 a pou kolekte enfòmasyon ki enpòtan pou ankèt sa a. Byenke desizyon pèsònèl sou yon potansyèl akizasyon diskriminasyon pran tout ane lekòl 2021-2022 a, Mintz te pwolonje espas tan an pou ogmante kantite moun epi bay yon konpreyansyon ki plis konplè. Finalman, Mintz te chita sou desizyon yo te pran pandan peryòd ke anplwaye a te idantifye a ansanm ak dez ane akademik ki te pase avan yo, *pa egzansp*, tout administrasyon Sirentandan BPS ki te pase avan an: ane lekòl 2019-2020, 2020-2021 ak 2021-2022.³

Aprè l fin santre analiz la sou yon peryòd tan espesifik, Mintz te travay avèk BPS pou defini kanite anplwaye l ap sible. BPS pa gen yon wòl espesifik "gran administratè" kidonk li te nesèsè pou idantifye ki kantite anplwaye ki gen kalifikasyon sa a.

³ Ane lekòl BPS la dewoule soti l Jiyè pou rive 30 Jwen. Sepandan, gen yon bann desizyon pèsònèl ki te pran aprè depa Sirentandan ki te la avan an men avan ke Sirentandan Skipper te rantre an fonksyon. Konsa, analiz la gen ladan l investigasyon yo ak desizyon PAL sou dewoulman konduit ki te rive ane lekòl 2022-2023.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

te ka aplike san patipri. Anplwaye ki antann yo ansanm tankou pwofesè, gadyen, anplwaye soutyen ak lòt yo pa nan sa y ap pale a, yo pa gen responsabilite sipèvizyon oswa responsab nan BPS. Okontrè, anplwaye lekòl yo tankou direktè, responsab lekòl yo ak kòlèg-dirijan yo te ladan piske anplwaye sa yo nan katye jeneral Distri a nan Etablisman Minisipal Bolling travay anpil, nan wòl règleman ak pran desizyon pou BPS.

Mintz nan kòmansman an te mande yon lis moun ki sibi akizasyon move konduit ak/oswa yo te mete sou PAL pandan long peryòd tan an. Pa gen okenn lis konsa ki te egziste, ni pa t gen yon lis konsa ki te ka fèt byen avèk aktyèl baz enfòmasyon BPS yo. Konsa, Mintz te travay avèk toude depatman BPS ki gen responsabilite pou pran ak trete plent kont Responsab Biwo Santral yo ak Dirijan Lekòl yo: Biwo Relasyon Travay ("OLR") ak Biwo Ekite a ("Equity") pou rasanble enfòmasyon sou kantite investigasyon ki fèt sou tout anplwaye nan tout Distri a, ki te fèt pandan twa ane lekòl yo analize yo. Enfòmasyon yo revele ke te gen 247 anplwaye ki te sibi yon investigasyon BPS oswa analiz pèfòmans eke, gen 131 yo te plase nan PAL annatan rezilta a. Lè sa a Mintz te chèche nan enfòmasyon yo pou idantifye ka ki konsène yon kategori anplwaye espesifik, sitou Responsab Biwo Santral yo ak Dirijan Lekòl yo, finalman te redui kantite moun yo sible pou analiz sa a ak 41 moun ("Koleksyon Enfòmasyon").⁴

Nan prentan 2023 an, aprè yo fin finalize Enfòmasyon yo rasanble yo, Mintz te kòmanse fè entèvyou avèk moun ki konsène anndan ak deyò, ansyen ak aktyèl anplwaye BPS ki gen responsabilite pou sipèvize plent pou move konduit yo, moun deyò ki konsène, dirijan Komite Lekòl la ak Sirentandan Mary Skipper.⁵ Mintz te reponn ak yon kantite apèl telefonik ak imèl moun nan kominote yo ak aktyèl anplwaye BPS ak lòt moun ki enterese. Kominikasyon sa yo te vrèman eklèsi e ede Mintz pou byen presize dokiman siplemantè l ap mande yo. Kominikasyon yo tou te ankouraje Sirentandan Skipper pou bay yon repons dirèk ak anplwaye Distri yo ak lòt moun ki konsène pou korije enkonpreyansyon konsènan analiz sa a, sitou esklizyon pwosesis Reyinyon Envestigasyon an, epi bay klarifikasyon sou tretman plent ak pratik investigasyon Distri a.

III. APÈLSOU PWOSESIS ENVESTIGASYON AK DISIPLIN BPS

Mintz te fè entèvyou avèk yon bann ansyen ak aktyèl anplwaye ki gen responsabilite pou fè aplike Fèy Règleman Sirentandan nan Pwosedi Disiplin Anplwaye yo ("Fèy Règleman").⁶ Seksyon sa a rezime konpreyansyon Mintz sou pwosesis resevwa plent ak investigasyon an.⁷

⁴ Jan nou te di sa nan seksyon avan an, kat nan ka sa yo konsène anplwaye ke yo mete sou PAL annatandan yo revoke yo pou Fèb Pèfòmans.

⁵ Mintz te konsilte Lisa Maki, Konseye Jiridik BPS la, sou kesyon dimansyon, pwosesis ak pwosedi yo.

⁶ Distri a voye l nan règleman ki nan Fèy Règleman Sirentandan yo. Fèy Règleman revize Sirentandan se HRS-PP10.

Mintz te itilize Fèy Règleman an kòm yon diplis pa rapò ak enfòmasyon li te jwenn nan entèvyou avèk ansyen ak aktyèl anplwaye BPS yo. Responsab Biwo Santral yo ak Dirijan Lekòl se anplwaye volontè, olye ke yo se negosyan. Konsa, kèk, men pa tout sa ki nan Règleman an aplike ak yo.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Plent kont Responsab Biwo Santral yo ak Dirijan Lekòl yo, jeneralman yo refere yo ak OLR oswa Ekite, toudepan de nati akizasyon move konduit la. Biwo Ekite trete akizasyon sou prejije ak konduit diskriminasyon an sanm avèk asèlman seksyèl oswa move konduit ki parèy, kèlkeswa tit anplwaye konsène a. Jeneralman OLR trete tout lòt yo. An jeneral, nenpòt ki akizasyon move konduit dwe gen yon envestigasyon ki ouvri sou li. Nan kòmansman chak envestigasyon, sipèvizè anplwaye konsène a, oswa administratè ki resevwa plent lan, jeneralman mennen yon ankèt preliminè ki ka gen ladan entèvyou avèk temwen ak yon analiz dokiman ki enpòtan. Si ankèt preliminè a sigjere ke anplwaye konsène a te afiche move konduit, Distri a soti avèk pou yon Reyinyon Envestigasyon, pou enfòmè anplwaye a sou nati akizasyon an, konsekans ak dwa li genyen pou l genyen reprezantan (sendika oswa jiridik) nan reyinyon an.

Reyinyon Envestigasyon yo se konferans enfòmèl, ke sipèvizè anplwaye konsène a dirije oswa lòt administratè, kote yo bay anplwaye a yon opòtinite pou reyaji sou akizasyon yo epi bay eksplikasyon. Toudepan de akizasyon move konduit la, yon detèminasyon PAL ka pran avan Reyinyon Envestigasyon anplwaye a.

Biwo Kapital Imen ("OHC") se prensipal otorite ki ka pran desizyon pou detèminasyon PAL menm si se OLR oswa Ekite k ap jere envestigasyon an kesyon an. Si yo refere plent lan bay Ekite, administratè k ap sipèvizè ankèt la pral detèmine si wi ou non yo dwe mete anplwaye a sou PAL, toudepan de rezilta ankèt la, selon faktè sa yo: (1) si prezans kontinyèl anplwaye reprezante yon danje; (2) si akizasyon move konduit la demontre yon modèl konpòtman grav lakay anplwaye konsène a epi (3) si swadizan konduit yo akize a grav, tankou yon potansyèl konduit kriminèl. Si, aprè yo fin konsidere faktè sa yo, administratè a detèmine ke PAL apwopriye, yo pral voye yon rekòmandasyon bay OLR. Jeneralman OLR pran rekòmandasyon Ekite yo.

Si yo refere yo plent bay OLR, pwosesis la se men bagay. OLR aplike yon tès ki gen plizyè fasèt ki sanble pou detèmine si PAL nesesè annatandan rezilta envestigasyon ki apwopriye: (1) si move konduit yo akize a konsène vyolans reyèl oswa menas vyolans oswa poze pwoblèm sekirite pou lòt elèv oswa anplwaye; (2) si prezans kontinyèl anplwaye a nan BPS ap mete an danje entegrite ankèt la oswa fonksyonman BPS; 8 ak (3) si move konduit yo akize a tèmman grav ke pa rive mete anplwaye a sou PAL ap brize konfyans piblik la. Ni faktè OLR oswa Ekite pou konsiderasyon detèminasyon PAL yo pa ofisyèlman antre nan règleman. Fèy Règleman an pa gen okenn direktiv sou PAL.

Si Ekite ak/oswa OLR detèmine ke PAL apwopriye, OLR ap soumèt yon nòt k ap detaye faktè enpòtan pou jwenn apwobasyon ak siyati OHC. Nan pifò ka, OHC konsidere rekòmandasyon OLR ak Ekite yo. OHC fè anplwaye konsène a konnen ke gen yon detèminasyon PAL y ap ekri.

Kèlkeswa detèminasyon PAL, si yon analiz preliminè move konduit yo akize a revele gen yon potansyèl vyolasyon règleman, Distri a ap ouvri yon ankèt. Toudepan de nati akizasyon yo, Distri a ka chwazi fè ankèt la anndan oswa pran yon moun deyò

8 Pa egzanp, si yo akize yon anplwaye pou falsifikasyon dosye finansye, Distri a ka anvizaje PAL pou anpeche anplwaye a bay plis pwoblèm oswa menase entegrite ankèt la.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

anketè a. Si ankèt la pwouve akizasyon an, Distri a pral detèmine si genyen disiplin ki nesesè. Disiplin lan ka soti nan yon avètisman nan bouch rive nan revokasyon. Mintz te obsève ke, nan kantite plent ankèt yo apwouve ke Ekite te trete, yo te mande anplwaye konsène a pou l pran fòmasyon pou aranje sa.

Poutan pa rapò avèk gravite move konduit yo akize a ki egzije yon sispansyon oswa yon revokasyon, yon odyans fòmèl obligatwa. Anplwaye an kesyon an gen dwa pou yo reprezante l nan odyans lan epi li gen dwa jwenn yon opòtinite pou l fè apèl ak entèwoje temwen epi bay pwèv. Kote gravite akizasyon move konduit la mande revokasyon, Distri a ka negosye yon kontra apa avèk anplwaye an kesyon an oswa ofri anplwaye a yon opòtinite pou demisyone olye yo revoke l.¹⁰

IV. ANALIZ ENFÒMASYON KI DISPONIB YO

Jan li dekri nan Seksyon Dimansyon ak Metodoloji a, Mintz te travay avèk BPS pou idantifye Responsab Biwo Santral ak Dirijan Lekòl yo te mennen ankèt sou yo epi yo te mete yo sou PAL nan lekòl la nan ane lekòl 2019-2020, 2020-2021 ak 2021-2022 ki redui lis la ("Koleksyon Enfòmasyon") a 41 anplwaye. Koleksyon Enfòmasyon yo gen ladan kat anplwaye ke yo te mete nan PAL annantan yo revoke yo pou Fèb Pèfòmans.

Tablo A ak B ki anba yo, refilete enfòmasyon demografik pou anplwaye an kesyon yo.

RAPÈL POU PAJ YO KITE BLANCH YO

⁹ Fèy Règleman an dekri senk nivo disiplin pou move konduit ki grav: (1) avètisman oral; (2) avètisman ekri; (3) reprimand ekri; (4) sispansyon; ak (5) revokasyon.

Yon bann moun deyò eksprime ensètitud yo sou pwosesis ankèt Distri a ak tan Distri a pran pou l voye avi bay yon anplwaye konsène pou opòtinite pou demisyone olye de revokasyon.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Tablo A

PAL DETERMINATIONS: MISCONDUCT INVESTIGATIONS (37 TOTAL)			
RACE	TOTAL	NO LEAVE	LEAVE
ASIAN	1	0	1
BLACK	15	9	6
LATINX	3	2	1
WHITE	18	11	7
TOTAL	37	22	15

Kontrèman ak detèminasyon PAL annantandan ankèt sou move konduit yo fèt, Pratik Distri a nan mete anplwaye yo sou PAL annatanda yo revoke yo pou Fèb Pèfòmans lan ofisyèlman antre nan règleman an. Detèminasyon PAL nan kontèks sa a pa sanble konsène okenn pwosesis delibere oswa evalyasyon faktè konpetitif.

Tablo B

PAL DETERMINATIONS: PERFORMANCE EVALUATIONS (4 TOTAL)				
OUTCOME	RACE	TOTAL	NO LEAVE	LEAVE
DISMISSAL	BLACK	1	0	1
	LATINX	1	0	1
RESIGNATION	BLACK	1	0	1
REINSTATED TO NEW POSITION	BLACK	1	0	1
TOTAL		4	0	4

Tablo C a reflekte repatisyon rasyal tout Responsab Biwo Santral yo ak Dirijan Lekòl yo pou ane lekòl y ap analize yo.

¹¹ *Gade Fèy Règleman Sirentandan HRS-PP19 la (Pwosesis Revokasyon Pwofesè pou Pèfòmans yo)*. HRS-PP19 dekri pwosesis evalyasyon pèfòmans lan epi otorize Distri a pou mete yon anplwaye konsène sou PAL annatandan pwosesis evalyasyon an fini. Byenke fèy règleman sa a aplike sitou ak pwofesè yo ak lòt anplwaye negosyan, Mintz konprann ke Distri a adopte menm pratik pou Responsab Biwo Santral yo Dirijan Lekòl yo jan tablo B a demontre sa.

¹² OLR te bay tout enfòmasyon demografik ki gen nan Rapò sa a.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Tablo C

BPS CENTRAL OFFICE MANAGERS & SCHOOL LEADERS: 2019-2022		
SCHOOL YEAR	RACE	PERCENTAGE
SY 19-20	ASIAN	7.70%
	BLACK	31.10%
	DECLINE TO ANSWER	1.10%
	LATINX	13.10%
	OTHER	0.40%
	WHITE	46.60%
	TOTAL	100.00%
SY 20-21	ASIAN	8.30%
	BLACK	31.70%
	DECLINE TO ANSWER	2.00%
	LATINX	12.70%
	OTHER	0.40%
	WHITE	44.90%
	TOTAL	100%
SY 21-22	ASIAN	8.00%
	BLACK	35.70%
	DECLINE TO ANSWER	1.90%
	LATINX	12.60%
	OTHER	0.90%
	WHITE	40.90%
	TOTAL	100%

An mwayèn genyen twa ane lekòl ke y ap analize, enfòmasyon ki disponib yo revele ke apeprè 53,6 pousan Responsab Biwo Santral ak Dirijan Lekòl yo se moun koulè ("POC").¹³ Pandan peryòd sa a, jan li dekri nan Tablo A a, POC te konsène nan plis pase mwaye investigasyon sou move konduit ki te fèt (yo te mennen ankèt sou 19 anplwaye moun koulè ak 18 anplwaye blan). Diferans nan detèminasyon PAL annatandan ankèt sa yo fini an, rasyal, ti kra egal: uit anplwaye koulè ak sèt anplwaye nwa.

Jan li detaye nan seksyon avan an, jeneralman se Biwo Ekite oswa Biwo Relasyon Travay ki mennen ankèt sou plent kont Responsab Biwo Santral yo ak Dirijan lekòl yo. Mintz te evalye konduit yo akize kont 37 moun yo mennen ankèt sou yo yo epi kategorize akizasyon yo sou pa rapò ak similarite yo.

¹³ Selon OLR, anviwon 56 pousan anplwaye Distri a se POC.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Tablo sa yo gen repatisyon kategori sa yo, selon depatman an epi selon ras anplwaye konsène a.

Tablo D

OFFICE OF EQUITY INVESTIGATIONS				
MISCONDUCT TYPE	RACE	TOTAL	NO LEAVE	LEAVE
DISABILITY-BASED BIAS OR DISCRIMINATION	BLACK	1	1	0
	WHITE	1	1	0
GENDER-BASED BIAS OR DISCRIMINATION	BLACK	1	1	0
RACE-BASED BIAS OR DISCRIMINATION	WHITE	4	3	1
SEXUAL MISCONDUCT OR THE FAILURE TO ADDRESS SEXUAL MISCONDUCT	WHITE	3	2	1
TOTAL		10	8	2

Jan li demontre anlè a, lè Ekite mennen ankèt sou yon plent pou move konduit, yon anplwaye gen mwens chans pou yo plase l sou PAL annatandan rezilta ankèt la.

Tablo E

OLR INVESTIGATIONS				
MISCONDUCT TYPE	RACE	TOTAL	NO LEAVE	LEAVE
CONDUCT OUTSIDE OF WORK	WHITE	1	0	1
FAILURE TO FOLLOW PROTOCOLS, PROCEDURES, OR POLICIES	ASIAN	1	0	1
	BLACK	11	5	6
	LATINX	2	1	1
	WHITE	8	5	3
HOSTILE WORK ENVIRONMENT	BLACK	2	2	0
	LATINX	1	1	0
FITNESS FOR DUTY CONCERNS	WHITE	1	0	1
TOTAL		27	14	13

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Jan tablo E a ilistre l, apeprè mwatye anplaye ke OLR mennen ankèt sou yo tonbe nan PAL annatandan ankèt la fini. Pifò nan ankèt sa yo konsène anplwaye yo akize ki pa rive swiv divès règleman ak pwosedi, yon klasifikasyon yon bann potansyèl move konduit jan li ilistre nan Tablo F la:

Tablo F

FAILURE TO FOLLOW PROTOCOLS, PROCEDURES, OR POLICIES				
SUB-CATEGORY OF MISCONDUCT	RACE	TOTAL	NO LEAVE	LEAVE
VIOLATION OF ALCOHOL-FREE WORKPLACE POLICY	WHITE	1	0	1
FAILURE TO INVESTIGATE ALLEGATIONS OF BULLYING	BLACK	1	0	1
MISCONDUCT RELATED TO VACATION TIME, ACCRUED TIME OFF, AND LEAVES OF ABSENCE	BLACK	2	1	1
	WHITE	1	1	0
MISHANDLING OF PERSONNEL INFORMATION	BLACK	1	0	1
	WHITE	1	1	0
VIOLATION OF THE CONFLICT OF INTEREST LAW	BLACK	1	1	0
	LATINX	1	0	1
	WHITE	2	1	1
FAILURE TO FOLLOW PROCUREMENT PROCEDURES	ASIAN	1	0	1
	BLACK	2	0	2
FINANCIAL IMPROPRIETIES	BLACK	1	1	0
	LATINX	1	1	0
FAILURE TO REPORT MISCONDUCT	BLACK	3	2	1
	WHITE	3	2	1
TOTAL		22	11	11

Jan Tablo anlè yo demontre l, detèminasyon PAL nan investigasyon ke OLR mennen vrèman kòrèk kèlkeswa ral la, eksepte investigasyon ki gen rapò ak acha ak finans ki sanble konsène sèlman anplwaye koulè yo.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Mintz te gen responsabilite tou pou analize konsekans disiplin nan ankèt l ap fè yo pou l evalue si yo disipline anlwaye koulè yo pi di ke blan yo. Jan li detaye anlè a, Koleksyon Enfòmasyon y ap analize yo se 37 investigasyon ladan te gen yon detèminasyon PAL ki te fèt. Nan moman analiz sa a, 35 nan investigasyon yo te fini epi te gen de ki te toujou an mach. Nan investigasyon ki te fini yo, rezilta uit ladan yo te jwenn ke akizasyon move konduit la pa t fonde, sa vle di yo pa t enpoze okenn disiplin.¹⁴

Tablo sa yo refilete rezilta disiplin pou 27 investigasyon ki rete yo kote yo te jwenn bonjan pwèb ke move konduit la te rive vre.

Tablo G

EQUITY: COMPLETED INVESTIGATIONS WITH FINDING OF MISCONDUCT			
MISCONDUCT TYPE	OUTCOME	RACE	NUMBER OF EMPLOYEES
DISABILITY-BASED BIAS OR DISCRIMINATION	REMEDIAL TRAINING	BLACK	1
RACE-BASED BIAS OR DISCRIMINATION	REMEDIAL TRAINING	WHITE	3
	SEPARATION AGREEMENT	WHITE	1
SEXUAL MISCONDUCT OR THE FAILURE TO ADDRESS SEXUAL MISCONDUCT	SEPARATION AGREEMENT	WHITE	1
	RESIGNATION BEFORE DETERMINATION	WHITE	1
TOTAL			7

¹⁴ Rezilta senk sou 27 investigasyon OLR yo pa fonde (twa anlwaye koulè ak de blan). Twa nan 10 investigasyon Ekite yo te gen men rezilta (yon anlwaye koulè ak de anlwaye blan).

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

Tablo H

OLR: COMPLETED INVESTIGATIONS WITH FINDING OF MISCONDUCT			
MISCONDUCT TYPE	OUTCOME	RACE	NUMBER OF EMPLOYEES
CONDUCT OUTSIDE OF WORK	SEPARATION AGREEMENT	WHITE	1
FAILURE TO FOLLOW PROTOCOLS, PROCEDURES, OR POLICIES	WRITTEN WARNING	BLACK	1
		WHITE	1
	SUSPENSION AND REASSIGNMENT	BLACK	1
	SEPARATION AGREEMENT	BLACK	1
	RESIGNATION	ASIAN	1
		BLACK	3
		LATINX	1
		WHITE	3
	DISMISSAL	BLACK	1
	DISCIPLINE PENDING	BLACK	1
LATINX		1	
NO DISCIPLINE	BLACK	1	
HOSTILE WORK ENVIRONMENT	SUSPENSION	BLACK	1
	DISMISSAL	LATINX	1
FITNESS FOR DUTY CONCERNS	RESIGNATION	WHITE	1
TOTAL			20

Jan li note anlè a, swadizan rezon ki te fè yo mennen ankèt sa yo pa t konsidere nan kad analiz sa a ni Mentz pa t evalye si yo jis oswa kòrèk pou mennen ankèt sou yon moun.

V. OBSÈVASYON AK REKÒMANDASYON

Malgre ti kras enfòmasyon ki te kolekte a te diminye nan kapasite Mintz pou evalye kòrèkteman potansyèl prejije rasyal nan detèminasyon PAL Distri a ak desizyon Distri a pou disipline anplwaye yo, analiz la te revele yon bann pratik ak rezilta Distri a ki mande plis egzaminasyon.

A. OBSÈVASYON KLE

- *Kritè enfòmèl e varye pou Desizyon Pèman Konje Administratif*

Distri a manke kritè ekri pou detèmine lè pou l plase anplwaye sou PAL piske OLR ak Ekite aplike menm tès, endepandan, plizyè faktè yo. Nan konvèzasyon avèk plizyè lòt

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

moun ki konsène, Mintz aprann ke tout moun ki enplike nan pwosesis pran desizyon yo te konnen kritè OLR oswa Ekite yo. Sitou, Fèy Règleman Sirentandan sou Pwosedi Disiplinè Anplwaye yo pa reponn ak kritè sa yo pou mete anplwaye yo sou PAL.

- ***Yo Mete Plis Anplwaye Koulè nan PAL nan Dosye yo Refere nan OLR ke nan Dosye yo Refere nan Biwo Ekite***

Malgre absans kritè fòmèl e ekri, de depatman BPS yo gen responsabilite pou trete akizasyon plent pou move konduit, Biwo Ekite ak Biwo Relasyon Travay, aplike menm tès ki gen plizyè faktè lè y ap detèmine si PAL apwopriye. Yo analize 10 nan 37 ankèt Ekite te trete yo la a, PAL te rekòmande sèlman nan de okazyon, toude se te anplwaye blan. Kontrèman, OLR ki te trete 27 ka, te rekòmande PAL nan 13 sou 27 envestigasyon. Uit sou 13 anplwaye yo te mete sou PAL yo te moun koulè. Mintz note ke yo ta dwe konsidere tip akizasyon pou move konduit diferan e varye ke chak depatman ap trete lè y ap evalye si diferans nan detèminasyon PAL ant anplwaye koulè ak blan yo gen rapò ak prejije koulè nan pwosesis lè y ap pran desizyon yo.

Pifò nan ankèt OLR yo, jan li ilistre nan Tablo E ak F la, konsène anplwaye ki pa rive swiv divès règleman ak pwosedi Distri a (total 22), yon klasifikasyon ki anglobe yon bann move konduit, faktè espesifik yo chak pa t fè pati analiz Mintz lan. Sepandan, nan ti kantite ankèt sou move konduit sa a, Mintz te fè obsèvasyon sa a ki ka siyale ke gen yon gran bezwen pou plis analiz: senk ankèt OLR sou akizasyon vyolasyon règleman acha oswa lòt iregilarite finansye tout te konsène POC; pa t gen okenn anplwaye blan ki te envestige pou menm move konduit sa a.¹⁵

- ***Gwoup Anplwaye Koulè yo te Mete sou Pèman Konje Administratif Annatandan Yo Revoke yo pou Fèb Pèfòmans***

Kòm se sèlman POC yo te mete sou PAL annatandan yo revoke yo sou baz pèfòmans, Mintz te mande plis enfòmasyon sou akizasyon sa yo pou ogmante konpreyansyon yo. Yon analiz materyèl sa yo revele ke Distri a te plase Responsab Biwo Santral ak Dirijan Lekòl yo sou PAL pou "Fèb Pèfòmans" pandan yon bann peryòd tan epi tout kat anplwaye sa yo se moun koulè. Jan li detaye nan Tablo B a, de nan anplwaye sa yo te revoke; youn te demisyone olye yo revoke l; rès anplwaye yo te revoke depi okòmansman men aprè yo te vin ba yo yon nouvo pozisyon. Byenke enkyetid ki lye ak pèfòmans yo byen dokimante e jwenn sipò evalyasyon yo ak anrejistreman pèfòmans ki medyòk, lefèt ke pa gen prezans okenn anplwaye ki pa Nwa oswa Latino mande yon analiz ki pi pwofon pou asire ke anplwaye koulè yo pa sibi enjistis ak prejije sipèvizè.

¹⁵ Yo te mete twa anplwaye nan PAL paske yo pa t respekte pwosedi acha poutan de anplwaye yo te akize yo pou lòt iregilarite finansye yo pa komèt iregilarite.

AVOKA/KLIYAN PRIVILEJYE AK REZILTA TRAVAY

- ***Rezilta Final Chak Ankèt Varye, men Biwo Ekite Souvan Mande Anplwaye yo pou Patisipe nan Fòmasyon sou Ekite***

De nan 37 ankèt yo analize la a te toujou an mach nan moman analiz sa a. Nan rès 35 ankèt ki te fini yo, rezilta uit ladan yo te jwenn ke akizasyon move konduit la pa t fonde, sa vle di yo pa t enpoze okenn disiplin. Pou rès 27 ankèt yo, disiplin lan te varye e Mintz pa t wè Distri a te enpoze disiplin ki pi di sou anplwaye koulè yo. Sitou, Biwo Ekite te mande anplwaye a pou l patisipe nan fòmasyon kòm disiplin nan kat sou sèt ankèt ki te tèmine yo ki apowpriye avèk prensip elajisman disiplin Distri a.

B. REKÒMANDASYON

- ***Etabli, aplike ak pibliye kritè pou detèminasyon pèman konje administratif yo***

Byenke Biwo Ekite ak OLR itilize menm tès ki gen plizyè faktè pou detèminasyon PAL yo, absans yon kritè fiks nan tout Distri a oswa nenpòt egzijans ke aministratè yo fè selon rezonman yo rann detèminasyon an yon ti kras volontè konsa administratè yo lib pou yo mete aksan sou sèten faktè oswa inyore lòt yo. Absans yon pwosesis fòmèl rann detèminasyon PAL yo vilnerab tou pou desizyon ki baze sou prejije epi pa bay anplwaye yo posibilite pou konteste detèminasyon an li menm. Etabli ak pibliye yon seri faktè ka diminye enkyetid sa yo epitou ap pèmèt Distri a swiv frekans detèminasyon PAL yo ak idantifye tandans oswa modèl potansyèl pwoblèm. Nan avi PAL ke Distri a voye bay anplwaye li yo ta dwe gen faktè yo epi idantifye kilès ladan yo Distri a apiye sou li pou l pran detèminasyon PAL la. Fòm avi sa a ta dwe bay anplwaye yo transparans sou pwosesis la ak kapasite pou konteste detèminasyon PAL la.

- ***Etabli mekanis pou suiv pwosesis investigasyon plent pou move konduit BPS la de fason kòrèk***

Enfòmasyon ki te nesèsè pou analiz sa a pa t vrèman disponib epi sa te egzije Distri a pou ransanble enfòmasyon ki sòti nan plizyè sous. Pa egzanp, Distri a pa t anrejistre avi sou Reyinyon Envestigasyon li te voye de fason kòrèk ni li pa t gen aksè, an tan reyèl, ak estati investigasyon plent yon moun. L ap bon pou Distri a si l kreye yon sèl baz done ki gen tout enfòmasyon ki gen rapò ak investigasyon plent pou move konduit pou gen ladan estati dosye moun ki konsène a pandan ankèt yo ap rapousuiv nan divès etap nan pwosesis disiplin lan.

- ***Etabli yon pwotokòl pou odit peryodik pwosesis disiplin BPS yo pou idantifye ak reponn ak tandans ak modèl pwoblèm potansyèl***

Yon fwa ke Distri a fin mete pwotokòl yon anplas pou detèminasyon PAL epi mete an plas kapasite estokaj pou anrejistre ak suiv investigasyon endividyèl antan reyèl, li dwe mete anplas yon pwotokòl odit peryodik pou enfòmasyon yo ki kolekte yo. Analiz sa a pral pèmèt distri a pi byen idantifye modèl oswa tandans pwoblèm potansyèl yo epi mete anplas nenpòt mezi nesèsè pou rezoud pwoblèm yo.

FEN RAPÒ A